

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Désa Cisarua mangrupa salahsiji désa nu aya di Kacamatan Cisarua. Désa Cisarua perenahna aya di wétaneun pusat pamaréntahan Kabupatén Sumedang. Désa Cisarua diwatesanan ku Désa Kebon Kalapa (beulah kulon), beulah wétan diwatesanan ku Désa Ciuyah, beulah kalér diwatesanan ku Désa Mandala Hérang jeung beulah kidul diwatesanan ku Désa Ciuyah.

Sacara *topografi*, Désa Cisarua ayana di dataran handap. Jarak ka Ibu kota/Kacamatan nya éta \pm 0,5 km jeung jarak ka Ibu kota/Kabupatén \pm 5 km. Warga Désa Cisarua bulan Januari 2013 jumlahna aya 4.606 urang/jiwa nu ngawengku 2.324 urang lalaki jeung 2.282 urang awéwé. Jumlah kepala keluargana (KK) nya éta 1.509 urang/jiwa. Éta jumlah warga téh sumebar di genep RW nu ngawengku 26 RT (profil Désa Cisarua, 2013).

3.1.2 Sosial Budaya Lokasi Panalungtikan

1) Warga

Interaksi antar masarakat di Kacamatan Cisarua hususna Désa Cisarua kawilang alus. Masarakat Désa Cisarua masih kénéh meningkeun kahirupan sosialna. Hal éta katitén dina masih nerapna budaya *gotong-royong*. Ieu budaya *gotong-royong* téh bakal katangén nalika salah saurang warga aya nu boga hajat. Salian ti nu ngayakeun hajatan, dina kapapaténan ogé warga masarakat sok silih bantuan boh dina mantuan waragadna, tanagana ogé pikiranana, sok sanajan teu dipénta tulung. Ku kituna, masarakat Désa Cisarua masih kénéh nyekel tatali karuhun Sunda nu ngajarkeun manusa kudu silih tulungan jeung ngajaga tali silaturahmi/duduluran.

2) Agama jeung Kapercayaan

Sakabéh warga Désa Cisarua umumna nganggem agama Islam. Hal éta lantaran di ieu désa wargana can pati hétérogén. Hampir sakabéh warga nu aya di ieu désa mangrupa sélér Sunda nu nganggem agama Islam. Kagiatan kaagamaan kayaning pangajian rutin, solat berjamaah jeung lain sajabana masih kénéh dilaksanakeun. Husus dina kagiatan pangajian, di Désa Cisarua sok disebut rutinan. Ieu kagiatan pangajian téh diayakeun saminggu sakali di unggal masjid nu aya di Désa Cisarua. Hal éta miboga maksud pikeun ngajaga *interaksi* warga masarakat ogé ngaraketkeun tali silaturahmi. Sarana ibadah nu aya di Désa Cisarua nya éta dalapan mesjid gedé (jami) jeung 12 mushola.

3) Basa

Basa nu dipaké ku warga Désa Cisarua dina kahirupan sapopoéna nya éta basa Sunda. Hal éta lantaran masarakat Désa Cisarua can pati hétérogén. Basa Sunda salian dipaké dina hirup kumbuh warga Désa Cisarua ogé mangrupa ciri warga Désa Cisarua nu mangrupa sélér Sunda. Dipakéna basa Sunda dina hirup kumbuh warga Désa Cisarua ogé mangrupa tarékah dina ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan Sunda di Désa Cisarua.

4) Pakasaban

Pakasaban warga Désa Cisarua ngawengku kana sababaraha widang pakasaban, ngan réréana mah dina widang dagang jeung tatanén. Dina widang perdagangan dilantarankeun aya hiji kabiasaan sabagéan warga Désa Cisarua nu muka usaha dina widang perdagangan di kota-kota gedé. Ieu kabiasaan dagang téh miboga sesebutan husus, nya éta “nyaba”. Dina widang tatanén dilantarankeun legana lahan tatanén nu can dialih pungsikeun kana widang usaha séjén, misalna waé widang industri. Dina widang séjenna, nya éta: (1) PNS, (2) TNI, (3) POLRI, (4) dagang, (5) tani, (6) buruh tani (profil Désa Cisarua, 2013).


Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

3.1.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa dipaké meunangkeun data (Arikunto, 2010: 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sageblengan prosés pintonan kasenian Goong Rénténg jeung keterangan hasil wawancara ti:

- 1) Pupuh rombongan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua anu leuwih apal kana kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua sangkan panalungtik bener-bener wanoh kana hal anu baris ditalungtikna.
- 2) Sesepuh masarakat Désa Cisarua nu apal kana kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
- 3) Aparatur Désa Cisarua, pikeun nambahán référensi dina ieu panalungtikan.



3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.


Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

Tujuan Panalungtikan

Ngadékskripsiéun:

1. Asal-usul kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
2. Prak-prakan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
3. Pakakas (*property*) naon waé nu digunakeun dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
4. Ajén falsafah nu nyangkaruk dina simbol-simbol kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, jeung:
5. Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XII.



Idéntifikasi Masalah

Nangtukeun Métode jeung Téhnik Panalungtikan

Ngumpulkeun Data

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
 Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Ngolah Data

Ngolah Data

Métode panalungtikan mangrupa tata aturan gawé panalungtikan nu gunana pikeun meunangkeun data (Arikunto, 2010: 203). Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Istilah “déskriptif” asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngagambarkeun hiji hal, misalna waé kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, jsb (Arikunto, 2010: 3). Ku kituna, panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu udagannana pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, situasi, atawa hal-hal lain nu geus ditataan di luhur nu hasilna dipaparkeun dina wongun laporan panalungtikan.

Métode deskriptif nya éta salasahiji métode dina nalungtik status kelompok manusia, hiji objék, hiji kaayaan, mngrupa sistem pamikiran atawa kaayaan dina mangsa ayeuna (Nazir, 1988: 63). Métode deskriptif miboga udagan pikeun ngadéskripsiéun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal-hal nu didéskripsiéun dina ieu panalungtikan nya éta kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, hususna dina aspék kasajarahan, simbol-simbol jeung ajén falsafahna. Simbol-simbol jeung ajén falsafah nu diséksripsiéun dina kasenian Goong Rénténg misalna waé dina prak-prakan pintonannana, wadirana, sasajén jeung pakakas kalengkepan séjéna nu nyampak dina ieu kasenian. Satuluyna, hasil déskripsi simbol-simbol jeung ajén falsafah nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca Bahasan Kasenian” di SMA kelas XII. Dina ngadéskripsiéun simbol-simbol nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg nyindékel kana téori Sémiotik Charles S. Peirce (*indéks, ikon jeung simbol*). Ieu

Usep Nandang, 2013



Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

panalungtikan leuwih nyindekel kana simbolisasina.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan henteu ngabalukarkeun tafsiran ngeunaan hal-hal nu béda-béda kana ieu panalungtikan, mangka dijéntrékeun wangenan oprasionalna.

- 1) *Simbol*, nya éta tanda nu ngahubungkeun antara tanda jeung objék atawa udaganana ditangtukeun ku aturan nu lumaku; disapukan; dihueuhan ku balaréa (peirce dina Sobur, 2009: 41).
- 2) *Falsafah (filsafat)*, sacara gurat badagna mangrupa élmu ngeunaan alam nyata nu nalungtik ngeunaan bebeneran hiji hal.
- 3) *Kesenian*, nya éta éksprési manusa kana kaéndahan nu ngawengku; (1) seni rupa jeung (2) seni swara (Koentjaraningrat, 2009: 298).
- 4) *Goong Rénténg*, asalna tina kecap goong jeung rénténg. Goong mangrupa istilah basa Sunda kuno nu hartina gamelan jeung rénténg nya éta cara nempatkeun penclon-penclon kolenang (bonang) nu dirénténgkeun (Kurnia & Nalan, 2003: 35).
- 5) *Bahan Ajar/ Bahan Pangajaran Maca*. Sacara gurat badagna diwangun ku pangaweruh, kaparigelan, sarta sikep nu kudu dicangkem ku siswa dina raraga ngahontal *standar kompetensi* nu geus ditangtukeun, hususna dina pangajaran maca.
- 6) *SMA kelas XII*, singgetan dina *Sekolah Menengah Atas*, nu mangrupa salahiji tingkatan lembaga pendidikan formal nu aya dina wengkuhan Dinas Pendidikan dan Kebudayaan.

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atwa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis (Arikunto, 2010: 203). Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Hand Phone*

Hand phone digunakeun pikeun ngarékam prosés wawancara jeung informan.

- 2) *Video Shoot*

Video shoot digunakeun ngadokuméntasikeun prak-prakan pintonan kasenian Goong Rénténg dina wangu *audio visual*.

- 3) Kaméra Digital

Kaméra digitán digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakan jeung sagala rupa nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg dina wangu gambar.

- 4) Padoman Wawancara

Padoman wawancara nya éta runtulan patalékan-patalékan nu baris ditanyakeun ka informan. Runtulan patalékan-patalékan wawancara nu kasampak dina tabél ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih dilegaan atawa diheureutan gumantung kana situasi jeung kondisi.

Tabél 3.1

Padoman Wawancara

Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Patalekan
1. Ngaran narasumber	1. Dumasar sajarahna, kumaha mimitina aya kasenian Goong Rénténg di ieu désa téh?
2. Umur narasumber	2. Dina acara naon waé kasenian Goong Rénténg dipagelarkeunana? Naha aya waktu
3. Pakasaban narasumber	
4. Kalungguhan	

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

narasumber di masarakat	nu tangtu atawa heunteu? 3. Kumaha ari prak-prakan pagelaran kasenian Goong Rénténg téh? 4. Naon waé pakakas kalengkepan dina kasenian Goong Rénténg téh? 5. Ari dina kasenian Goong Rénténg téh aya simbol-simbol husus teu? 6. Dina simbol-simbol éta aya ajén falsafah atawa ngandung siloka nu tangtu teu? 7. Kumaha fungsi jeung mangfaat dipintonkeunana ieu kasenian Goong Rénténg keur masarakat? 8. Upamana kasenian Goong Rénténg heunteu dipagelarkeun dina waktu-waktu nu geus ditangtukeun téa bakal aya akibatna teu? 9. Kumaha réspon masarakat jaman kiwari kana kasenian Goong Rénténg, naha aya bédana jeung baheula? 10. Kumaha prosés <i>regenerasi</i> atawa pewarisan kasenian Goong Rénténg téh? Naha aya tata cara husus dina milih nayaga/nu nabeuh ieu waditra?
-------------------------	---

3.6 Téhnik Panalungtikan

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun data panalungtikan nu patali jeung tiori-tiori dina wangun tulisan nu aya patalina jeung objék panalungtikan.

2) Téhnik Obsérvasi

Tehnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun sagemblengan data ti lapangan ngeunaan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupaten Sumedang. téhnik obsérvasi digunakeun lantaran panalungtik bisa museurkeun panitén ngaliwatan pancaindera kana gemblengan pintonan kasenian Goong Rénténg.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun meunangkeun data sacara lisani. Anapon nu jadi sasaran wawancara nya éta informan nu nyaho kana kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupaten Sumedang.

4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu mangrupa gambar jeung rekaman *audio visual* pintonan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupaten Sumedang.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, satuluyna dilakukeun kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta mariksa deui hasil data-data nu geus dikumpulkeun ngeunaan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupaten Sumedang. Data-data nu geus dipariksa satuluyna dianalisis jeung didéskripsiun tur dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca Bahasan Kasenian”

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

di SMA kelas XII. Sanggeus éta nyieun kacindekan tina hasil ngolah data anu geus didéskripsikeun jeung dianalisis.

3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Sangkan panalungtikan miboga tatapakan anu écés, tangtuna kudu nataharkeun rarancang panalungtikanana. Anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Tahap Tatahar

Léngkah-léngkah dina tahap tatahar, nya éta: (1) ngajukeun judul panalungtikan, (2) nyusun rarancang panalungtikan, (3) ngumpulkeun sumber bahan ulikan, (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan. (5) nyieun proposal panalungtikan, (6) ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan, jeung (7) konsultasi ka dosén pangaping.

2) Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta: (1) telah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan kasenian Goong Rénténg, (2) obsérvasi ka tempat kasenian Goong Rénténg nu ditalungtik, nya éta Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, (3) wawancara ka pupuhu rombongan Kasenian Goong Rénténg jeung ka masarakat Désa Cisarua nu apal kana Kasenian Goong Rénténg nu aya di ieu désa, jeung (4) ngadokuméntasikeun kagiatan panalungtikan.

3) Tahap Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina tahap ngolah data, nya éta (1) mariksa data nu geus dikumpulkeun. (2) ngadéskripsikeun data ngeunaan kasenian Goong Rénténg nu aya si Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, (3) nganalisis simbol-simbol jeung ajén falsafah dina ieu kasenian kalayan maké téori sémiotik Peirce (ikon, indéks jeung simbol) nu leuwih nyindekel kana simbolisasina.

4) Tahap Nyusun Laporan Panalungtikan
Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
 Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Sabada hasil panalungtikan dianalisis tepi ka jadi informasi nu bisa disusun dina wangun déskriptif, satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.



Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII